

ДИН ВА ГІУМРУ

**Аллагьасда божиялъулъ батана талихI**

Стр. 3

ХАСАБ ПИКРУ

**Бахчизе кIолеб ва кIолареб хIакъикъат**



Стр. 3


# ЛЪАРАТIА

ЛъаратIа районалъул газета

№ 15 * октябрь 2016 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


*спорт*

# Шапакъатал кьуна

## Районалъул нухмалъулел дандчIвана спортсменалгун

**Исана сентябрь моцIалда Хабаровск шагьаралда тIобитIана дзюдоялъул рахъалъ Россиялъул чемпионат. Гьел къецазда гIарцулал медалал росана нилъер районалдаса кIиго спортсменас: ХIайбула МухIамадовас - 100 кг цIайиялда ва ГIабдула ГIабдулжалиловас - 66 кг цIайиялда.**

Гьезулгун дандчIвай гьабуна ЛъаратIа районалъул нухмалъиялъ ва кьуна гьезие тIадегIанал шапакъатал ва гIарцул сайгъатал. Гьединго шапакъатазе мустахIикълъана дзюдоялъул федерациялъул президент, нилъерго ракьцояв Ширухан ГIабдулатIипов.

Данделъиялда районалъул бетIер Ражаб Ражабовас бицана спорталъул рахъалъ нилъер ракьцояз росарал бергьенлъабазул бугеб кIваралъулги, хIажалъиялъулги. Нилъер районалдаса гIолохъабаз гIахьаллъи гьабула гIемерал батIи-батIиял къецазда, хасго дзюдоялъул рахъалъ, ва росула кидаго тIадегIанал бакIал. Районалъул бетIерасул рагIабазда рекъон, гIемераб хIалтIи гьабулеб буго районалда ва республикаялда спорт цебетIезабиялъе гIоло. Хасго дзюдоялъе кьолеб бугин кIудияб бербалагьи.



**Ражаб Ражабов:** « Нилъеда лъала республикаялда дзюдо рикIкIуна лъебелазул спортлъун. Нилъер ракьцоял рукIана ДагъистаналдА тIоцебе дзюдо абураб спорт малъарал чагIи. Нилъги гьелдаса кидаго чIухIарал руго. Жакъа нилъеда бихьулеб буго тIолабго дунялалда нилъер ракьцояз кIудияб бергьенлъаби росулел, батIи-батIиял къецазулъ ва хIаязулъ. Нилъеца гьелъие кIудияб кIвар кьолебги буго. Нижеца, администрациялъул нухмалъиялъ, тIолабго районалъул жамагIаталъул рахъалдасан ракI-ракIалъ баркулеб буго нужеда гьел къецазда нужоца рихьизарурал тIадегIанал хIасилал. Нижеда ракIчIун лъала жеги тIадегIанал хIасилал нужеца рихьизаризе рукIин. Нуж жеги гIолохъанал спортсменал руго, нужер киналго бергьенлъаби жеги цере руго. Гьединго ракI-ракIалъ баркула тренераздаги, дзюдоялъул федерациялъул президентасдаги. Киналго цолъун нилъеца ракIчIарал бергьенлъаби росила», - ян абуна Ражаб Ражабовас.

Гьединго тIадегIанал шапакъатал щвана кIиявго спортсменасул тренерал МухIамадбек ГIалиевасе ва Шамиль ГIалиевасе. Спортсменазулгун данделъиялда гIахьаллъана ЛъаратIа районалъул собраниялъул председатель ГIабдула ГIабдулаев, районалъул экономикияб отделалъул нухмалъулев ГьитIинамухIамад ГьитIинов, ЛъаратIа пенсионияб фондалъул начальник АхIмад МухIамадов, УСЗНалъул нухмалъулев СултIанмажид ШагIбанов ваг ь.ц.

Нусго киллограмалде щвезегIан цIайиялда цеве вахъулев нилъер дзюдоист ХIайбула МухIамадовас ккуна гьел къецазулъ кIиабилеб бакI.

Ахир 2 аб. гьум.

*гIарац, гIарац, огь гIарац*

# ЛъаратIа районалъе хасаб бербалагьи

## Финансовияб отделалъул нухмалъулесулгун гара-чIвари

**ЛъаратIа районалъул идарабазул хIалтIухъабазул, гьезул нухмалъулезул ва росабазул администрациязул бутIрузул гIемер гIарзал рукIана жиндир заманалъ харжал щолел гьечIилан, гьелъ хIалтIуе квал-квал гьабулеб бугилан. Хасго районалда хъулухъалда ругел чагIазе гьеб балъголъи гуро, рукIана кIиголъабго моцIалъул харж щвечIел чагIиги, масала, гъоркьисеб сон ракIалде щвезабуни. Гьеб кинабго хIисабалдеги босун нижеца гара-чIвари гьабуна ЛъаратIа районалъул администрациялъул финансовияб отделалъул нухмалъулев, МухIамад ГIабасовасулгун.**



**- МухIамад баркула дуда тIоцебе цIияб хъулухъ, гьаб буго администрациялъул идарабазул бищунго кIвар цIикIараб, гIадамазул тIалабал тIуразе ккараб, жавабчилъи цIикIарал идарабазул цояб. Кинал масъалабигун, захIмалъабигун мун данд чIварав тIоцеве? Бажарулеб бугищ хIалтIи гьабизе?**

- Баркала. Финансовияб идараялда хIалтIи дие цIияб хIалбихьи гуро. Дун вукIана гьанивго бюджетный отделалъул нухмалъулевлъун хIалтIулев 2010 абилеб соналдаса нахъе. Гьелъ дие дагьаб бигьалъи кьолеб буго цIияб хIалтIи бичIчIизе ва лъазе. Бажарулеб бугищ яги гьечIищ абураб суалалъе дицаго дие къимат кьезе кIоларо, дун хIалтIуда лъугьун цо чанго моцI гурони гьечIо, гьеб заманалда жаниб дир хIалтIудаса гIарз бахъарав чи ккечIо. Жавабчилъиялъул суал борхани, дирго жавабчилъи гьечIони дида кIочене теларо дун финансовияб отделалъул нухмалъулев вукIин. Щай гурелъул тIолабго районалда ругел идарабазул хIажалъаби тIуразе ккани, щибаб къоялъ кIвар кьун хIалтIи гьабизе кколеб буго. БитIараб бицани бигьаяб гьечIо хIалтIи.

**-Гъоркьисеб соналъ нилъеда лъала гIарац счеталде щоларого, харж-мухь босизе кIоларого рукIана гIемерисел идараби районалда. Ахираб заманалда гъоркьисеб соналда данде ккун жиндир заманаялъ щолеб бугин ккола харж. Сунда бараб букIана гьеб суал?**

- Харжал щунгутIи гIицIго нилъер районалда бараб гIунгутIи букIинчIо, тIолабго республикаялдаго гьелъул гIемераб ахIи-хIур букIана. Москваялдасаго гьедин кватIун биччалеб букIана гIарац. Исанаги гьеб суал тIубанго рагIалде бахъун гьечIо. ГьабсагIатги жиндир заманаялдаса кватIулеб буго харж щвезе. Гъоркьисеб соналда данде ккун жеги хIехьезе кIолеб хIал буго исана, щайгурелъул дицаги, районалъул бетIер Ражаб Ражабовасги кIвараб хIалтIи гьабулеб буго заманаялъ гIадамазе мухь щвезе. Абизе бегьула, къарзалъ босун кьолеб бугин районалъ гIадамазе гIарац. Республикаялдаса районалъул бетIерас кIвараб хIалтIи гьабун, лъайхъваяздаса сверун кин бугониги тIалаб гьабулеб буго, гIадамазе гIарац жиндир заманаялъ щвезе мурадалда. Ахираб лъабго соналъ буго гьеб суал, кинго рагIалде бахъизе кIолареб. Сон бахъанагIан захIматаб хIаладеги кколеб буго финансазул хIал районазда букIа, росабазда букIа.

**-Республикалъул бетIерасул район букIиналъ бугищ кинабгIаги кумек дур хIалтIуе республикаялдасан?**

-БукIинарищха, хасаб бербалагьи буго республикаялъул нилъер районалдехун, дица дир хIалтIуда хурхун абулеб буго. Масала, цо-цо нилъер мадугьалихъ ругел районал исана кIиго-лъабго моцIалъ гIарац щвечIогоги хутIана. Дун хIалтIуда лъугьун хадуб дида лъалароха харжал кватIун кьураб моцI. Гьеле ха мун чIагояв нугI.

**-Буго цоги хIужаги, гIагашагарго щибаб соналъул ахиралда нилъ дандчIвалел руго цо захIмалъиги, лъагIалил ахиралда счеталде щвараб гIарац бахъизе кIоларого хутIула цо-цо идараби. Гьеб сунда бараб бугеб?**

Ахир 2 аб. гьум.

*спорт*

# Шапакъатал кьуна

## Районалъул нухмалъулел дандчIвана спортсменалгун

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

Гьес кинабниги тIобитIана 4 дандчIвай ва ахирисеб дандчIвалъул ахирисел секундазда гьев къезавуна Саратовский областалъул рахъалъ гугарулев, хIалбихьи бугев спортсмен, Макъсуд Ибрагьимовас.

ДандчIвай лъугIун хадуб бергьарас кIудияб къимат кьуна ХIайбулагьие ва мукIурлъана цIакъго захIматаб ва хIалуцараблъун лъугьанин ахирисеб дандчIвай. Живго ХIайбулагьица рикIкIунеб буго финалалда жив свакан лъугьанин, ккараб хIалалъ хIадурлъун ватичIин. Гьединго жинда данде финалалда щвезегIан рукIанила къуватал спорсменал, гьезда гьорлъ гьоркьияб соналъул чемпион Казбек Занкишиев.

**ХIайбула МухIамадов:** «Дида ккун букIана яхI бахьун, жигар бахьун бергьилилан, амма данде ккечIо. Кин бугониги дун пашман гьечIо. Гьаб гIарцулаб медалалъ дун тIамулев вуго жеги цIикIун хIаракат бахъизе хадусел къецазда тIоцебесеб бакI босизе. Макъсудгун дун цевеккун гугарун вукIинчIо, амма лъикI лъала ниж цоцада, цо залалде хьвадула цадахъ. Хьул буго тIасияб соналъ жеги лъикIго хIадурлъизеги хIадурлъун Макъсудида тIад чIел босизе», - ян абуна ХIайбула МухIамадовас.



КIиабилев ЛъаратIаса спортсмен – 66 кг цIайиялда гъоркьисеб соналъул Россиялъул чемпион ГIабдула ГIабдулжалилов. Гьесиеги исана кIиабилеб бакI щвана.

Финалалда гьесдаса бергьана юниоразда гьоркьосел къецазул чемпион, 2015 абилеб соналъ Кубок России босарав, Ингушетиялдаса Акбар Бейсагуров абурав спортсмен. ГIабдулагьил буго 25 сон, гьев ккола дзюдоялъул рахъалъ мастер спорта ва гьесул бергьенлъаби жеги цере руго.

**Рамазан РАЖАБОВ**

*гIарац, гIарац, огь гIарац*

# ЛъаратIа районалъе хасаб бербалагьи

## Финансовияб отделалъул нухмалъулесулгун гара-чIвари

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

- Улкаялъул финансовияб министерствоялъ биччараб гIарац гIадатияв хIалтIухъанасухъе щвезегIан гьоркьор унел хIалтIабаз унеб буго гIага-шагарго 15-20 къо. Гьединлъидал декабралъул гIарац идарабазул счетазде нижеца рехула 22-23 абилел къоязда. Хадусеб хIалтIи буго щибаб идаралъул бухгалтерзабазул хIалтIи. Лъавукъав бухгалтер вугеб идаралъул гIарац хутIизе бегьула босичIого хадусеб соналде реххун. Нижее кIудияб гьалатIлъун букIина заманаялъ финансал кколеб бакIалде рехххичIони. Нижерго интерес буго заманаялъ счетазде гIарсал ккезари. Цо-цо чагIазда гьеб бичIуларо, жиндирго бухгалтерасул гIайибищ бугеб, ялъуни нижер идараялъулищ. Цо-цо нижеда щаклъигун щолел чагIиги камуларо. Киназдаго бичIизабизе кколеб буго.

**- Масала, лъагIалил ахиралда финансовияб идараялъ кколеб бакIалде гIарац бикьичIого хутIани, рес бугищ министерствоялъ хадусеб лъагIалида гIарац дагьаб кьезе гьоркь букIаралдаса. Нужее бихьизабураб гIарац нужоца хIалтIизабичIо, гьелъ нижеца исана дагьаб гIарац бихьизабилин абун?**

- БукIине бегьула гьединги. ЛъагIалил ахиралда хIалтIизабичIого хутIараб гIарац финотделалъ нахъе тIалаб гьабула. Гьез жидецаго хал гьабула тIадбуссизейищ гьеб гIарац яги тезейищ. Гьединлъидал районалъул бетIерас, финансовияб идараялъул нухмалъулес, кинабго нухмалъиялъ тIалаб гьабизе кколеб гьеб гIарац нахъе.

**-Щибаб лъагIалида инфляцияги хIисабалде босун районалъул бюджет цIикIунеб гIадат букIуна. Кинаб бюджет букIинеб бугеб 2017 абилеб соналъ дур хIисабалда? БукIине бугищ чIахIиял объектал разе биччараб гIарац? Масала, районалда ралел ругел чIахIиял объектал, ясли-ах, поликлиника, Джурмут гIурул рагIаллъуда щулалъи гьел киналго хIалтIабазе гIарац киса щвараб?**

- 2014 абилеб соналде щвезегIан бюджет цIикIунеб букIана щибаб лъагIалида. Нилъеда лъала 2014 абилеб соналдаса нахъе улкаялда кIудияб кризис ккун букIараблъи. Гьединлъидал капиталияб ремонталъе, объектал цIигьариялъе ва цIиял, чIахIиял хIалтIабазе биччараб гIарац гьаб ахираб кIиго лъагIалида жаниб гьечIо. Цо капекцин гьел хIалтIабазе гIарац биччалеб гьечIо. Телевизоралдасан нилъеда инфляция 7-8 % процент бихьизабуниги, хIакъикъаталда гьелъул къадар бахуна 15-18 проценталде. Районалда рарал цIиял объекталги киналго республикаялдаса биччараб гIарац хIалтIизабун рана. Нилъеда лъала, 2016 абилеб соналъ районалда къана киналго къазе бегьулел, хIажалъи дагьал штатал. ГIицIго нилъер районалда гуреб, тIолабго улкаялда. Гьелъ кумек кьолеб буго экономикияб рахъалъ район цебе тIезе ва бюджеталда гIарац тIокIлъизе. Гьеб гIарацги хIалтIизабулеб буго районалда жаниб хьил тIун нухал цIигьаризе, кьоял лъезе ва гь. ц.

**- Жакъа буго I9 октябрь, кин унеб буго добго лъагIалил ахиралда гьабулеб хIалтIи? ГIарац щвечIого хутIизе рес бугищ цониги идара исана?**

-Гьале гьаб моцIалъул байбихьудаго нижеца киналго идарабазе бихьизабун буго сентябралъул гIарац, кватIичIого октябралъул харжалги рикьизе руго. Хадусеб хIалтIи буго бухгалтеразул. Киналго идарабазул бутIруз хIалтIизаризе тIамизе ккола жодорго бухгалтерал, казначействоялдаса чекги босун гIарац банкалдаса бахъизе. Нижеда тIадаб хIалтIи гьабулеб буго нижеца.

**Гара-чIвари гьабуна**
**Расул АБАКАРОВАС**

## Прокуратура сообщает:

**В Трудовой кодекс Российской Федерации внесены изменения 15.11.2016**

С 3 октября 2016 года вступили в силу изменения, внесенные в Трудовой кодекс Российской Федерации Федеральным законом от 03.06.2016 года №272-ФЗ. В частности, изменен срок выплаты заработной платы, установленный ст. 136 Трудового кодекса Российской Федерации. Так, работодатель обязан выплатить заработную плату не позднее 15 календарных дней со дня окончания периода, за который она начислена. Кроме того, увеличен размер материальной ответственности работодателя за нарушение срока выплат.

Теперь денежная компенсация должна выплачиваться в размере не ниже одной стопятидесятой действующей в это время ключевой ставки Центрального банка Российской Федерации от не выплаченных в срок сумм за каждый день задержки. Увеличен штраф за задержку зарплаты и иных выплат, причитающихся работнику. Статья 5.27 КоАП РФ дополнена положением, в соответствии с которым за невыплату или неполную выплату в установленный срок заработной платы, других выплат, осуществляемых в рамках трудовых отношений, если эти действия не содержат уголовно наказуемого деяния, либо установление заработной платы в размере менее размера, предусмотренного трудовым законодательством, предусмотрен, в том числе, штраф в следующих размерах: для должностных лиц - от десяти тысяч до двадцати тысяч рублей, при повторном привлечении к ответственности - от двадцати тысяч до тридцати тысяч рублей.

Возможна также дисквалификация на срок от одного года до трех лет; для индивидуальных предпринимателей - от одной тысячи до пяти тысяч рублей (повторно - от десяти тысяч до тридцати тысяч рублей; для юридических лиц - от тридцати тысяч до пятидесяти тысяч рублей (повторно - от пятидесяти тысяч до ста тысяч рублей).

**И.о. прокурора района**
**юрист 2 класса**
**Г.В. САСИЕВ**


*объявление*

## ДагестанКадастр сообщает:

Извещение о проведении собрания о согласовании местоположения границ земельного участка Кадастровым инженером Магомедхановой З.А. magoedkhanovaz@mail.ru 8(8722)940068. № квалификационного аттестата 05-11-94 в отношении земельных участков расположенных по адресу РД. Тляратинский район Автодорога Анцух – Тлярата км 0 – км 11.8, Автодорога Тлярата – Камилух км 0 – км 45 выполняются кадастровые работы по уточнению местоположения границы земельного участка.

Заказчиком кадастровых работ является ГКУ «Дагестанавтодор».

Собрание заинтересованных лиц по поводу согласования местоположения границ состоится по адресу: РД, г. Махачкала ул. Шамиля №15 «15» декабря 2016г. в 15 часов 00 мин.

С проектом межевого плана земельного участка можно ознакомиться по адресу РД, г. Махачкала ул. Шамиля №15.

Обоснованные возражения относительно местоположения границ, содержащихся в проекте межевого плана и требования о проведении согласования местоположения границ земельных участков на местности принимаются с «14» ноября 2016 г. по «14» декабря 2016 г. по адресу РД г. Махачкала ул. Шамиля №15.

Смежные земельные участки, с правообладателями которых требуется согласовать местоположение границ земельных участков расположенные на кадастровых кварталах:,

| | | |
|---|---|---|
| 05:34:000121, | 05:34:000120, | 05:34:000113, |
| 05:34:000128, | 05:34:000041, | 05:34:000040, |
| 05:34:000086, | 05:34:000125, | 05:34:000085, |
| 05:34:000036, | 05:34:000117, | 05:34:000152, |
| 05:34:000144, | 05:34:000006, | 05:34:000098, |
| 05:34:000097, | 05:34:000003, | 05:34:000096, |
| 05:34:000116, | 05:34:000094, | 05:34:000137, |
| 05:34:000099, | 05:34:000017, | 05:34:000021, |
| 05:34:000092, | 05:34:000047, | 05:34:000048, |
| 05:34:000001, | 05:34:000015, | 05:34:000009 |
| 05:34:000122, | 05:34:000088 | 05:34:000037 |
| 05:34:000113 | | |

При проведении согласования местоположения границ при себе необходимо иметь документ, удостоверяющий личность, а также документы, подтверждающие права на соответствующий земельный участок.

❁ *хасаб пикру*

# Бахчизе кIолеб ва кIолареб хIакъикъат

**Рихьдае ва ххвалие гьабулеб ишалда гIурусазда абула «потемкинские деревни» ралел ругин. Григорий Потемкин абулев чи вукIун вуго гIурус пача Екатерина КIиабилелъул божарав чи. Россиялъ турказухъа Крымалъул рагIаллъи бахъарабго улка сверизе яхъарай пачаялда бихьизе Потемкиница пача унеб нухлул рагIалда росабазда релълъарал кагътил макеталъул минаби сокIкIунел рукIун руго. Пачагун карета иргадулаб бакIалде щвелалде гьелго макетал гочинарулел рукIун руго цойги бакIалде.**

Рохьгун хIалтIулеб власталъул чагIазда чангитги бан, жалго данде чIарал цоял тIагIизарун, кIиабилел къватIире ун, лъабабилезе гьанир пачалихъгун рагъизе данде кколел шартIал гьечIолъиялъ. Гьеб ахIвал-хIалги гIадатияб бакIалда бижараб букIинчIо.

Цояб рахъалдаса жидедаго бичIчIулеб ислам яргъидалъун бугIизе рагъарарал гIабдалздаби рукIун ратани, цогидаб рахъалдасаги букIуна гьеб рагъ хIажатаб партия. Гьанир тIоритIулел КТОязул, ричулел жаназабазул ва рагъда щолел чиназухъ ва цIаразухъ рагъулел.



Гьеб букIана тIадегIанай пача жиндир улка-ракьалдаса разилъизе гьабулеб хIалтIи. Гьелдаса хадуб бижана гIурусазда гьоркьоб ххвалие ва рихьдае гьабулеб хIалтIуда «потемкинские деревни» ралел ругин абураб кици.

Киналго Россиялъул регионал федералияб централда цере, муниципалитетал регионалъул тIадчагIазда, росаби муниципалитетазда цере "потемкинил росаби" ралел руго. Лъаларо гIурус пачаялда Григорийил Потемкинил макру тIатун букIанищали. Лъалеб жо буго жакъаеб Россиялъул тIалъиялда тIарадаса ахаде, Кремлиялдаса магIарухъ бугеб колохъ щун лъала гьел "макетал кагътил" рукIин, амма лъицаниги абуларо щай дуца дун гуккулевин.

Щай? Щай гурелъул тIад вугесе божизе бокьун буго гьел рукъзал хIакъикъиял рукIиналда. Щай гьес гьереси къватIиб чIвазабилеб живгоги гьел "макетазул" ва гьересиросабазул кумекалдалъун тIараде арав чияс. Амма Севералияб Кавказалда гьел "потемкинил росабазулги" буго жидерго хаслъи.

Нилъеда лъала, 2000 абилел соназул байбихьудаса нахъе гьаниб аслияб къагIидаялда тIадчагIаз Москваялъул ва гьалбадерил гIаданибе бугIулеб пикру буго гьаниб террор гуреб, лъикIаб, парахатаб гIумру бугин абураб. Амма гьелъ дагъистаниязул гIумру лъикIлъулеб гьечIо, лъикI бугел ххвелал концертаздаги, фестиваласдаги, форумаздагилъун гьаруниги. Къокъ гьабун абуни, гIемерисел Кавказалъул республикаби щвалде щварал федерациялъул субъектал гурел - тIубараб ВДНХялъул павильоназе сверун ругин абизе бегьула.

ГIадамаца чвердон хадуб черхалде махI гьуинаб лъим, дезодорант речIчIизабула. Цо-цоязин абуни, чвердезе кколеб бакIалда, гIетIул махI къинабизе речIчIизабула гьеб. Амма гIемерисеб мехалда гьелъ кIиябго махI жубараб жо лъугьуна. Гьединаб асар гьабулеб букIана цересел соназда тераактазгун фестиваляза ва форумаз Дагъистаналда. Квеш лъикI террор къезабизе кIвана нилъеда.

Изну гьечIого яргъид гIуцIаразе изнугун яргъид гIуцIараз гIакъубаби кьеялзул, балъгоязул сияхIазул, диван гьечIел къисасазул, ботIрода таргьабиги къан рикъун кьолел гIакъубабазул къурбанал ва гьезул дандечIей. Гьеб ахIвал-хIалалъул гьоркьлъалида букIуна республика анцIила щугогIан соналъ.

Республикаялъул политикияб нухмалъиялъ гьабизе кIолеб жоги букIинчIо. ХIатта гIолилазда гьоркьоб бижун бачIунеб букIана мегеж тарав, автомат бугев ва бечедазухъе магъало бахъун флешкаби ритIулев бахIарчиясул культ. Социалиял сетазда гIемерисел хIакъикъияб цIар бахчун хъвадарулел гIолилазул букIана гьеб образ ва " Абу..." щивалиго абурал цIарал.

Гьеб ахIвал-хIал хисана къуваталъулгун политикияб нухмалъиялъул цадахъаб хIалтIул хIасилалда. Гьелдаса кIвар бугеб масъалаги букIинчIо республикаялда цебе. Цебесеб нухмалъиялъ террор бахчизе, бихьичIеб хвел гьабизе форумал тIоритIун ратани жакъаселда цере руго цIиял ва цIакьго захIматал масъалаби рачIунел. Улкаялда лъугьун бугеб экономикияб тIоцебесеб иргаялда, хадуб финансовияб кризис форумаз бахчизе кIоларо.

ГIетIул махI чIвазе дезодарант гIадин гьелъие хIалтIулеб сабаб бати захматаб суал буго. Унсокологи Губденги бугеб хасаб операция хъинтIулеб букIана гьеб оперция бугеб росулъ. Гьаб чадикълъи, дохода дагьлъи, харжал рили ва пенсиял кватIи гIадаб жо бачIине буго рукъ рикIкIун. Гьаниб дезодранталъ гIетIул махI гуро чIвазе кколеб, гIет тIун тIубараб гIалам хIалтIизе ккола централъул пенсиялъухъ ралагьун чIун рукIинчIо. Кагътил макетазул росабазулги дезодарантазулги заман гетты, нилъее хирияллъун ругел лъарагIаз абухъе. Хабар лъикIаб рагIайги.

МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ

❁ *Дин ва гIумру*

# Аллагьасда божиялъулъ батана талихI

## Рецц буго БетIергьанасе гьадинаб гIумруялъухъ

**Цоцазда рекIун, ай цо-цо лугбал кIиязего гIахьалаб къагIидаялъ ца- дахъ гьарурал вацал-яцазда абула сиамалъулалин. Гьединаб куцалда цадахъ гьарурал яцал Зиталги Гиталги хIакъалъулъ рагIичIев чи къанагIатги ватилаpo. Гьезул хIакъалъулъ гIемер бицана теле- видениялдасан, хъвана газетаз- да. КIудиял гIедалин абуни, гьел операцияги гьабун цоцаздаса ратIа гьаруна ва гьанже гьезул щиялъул буго жиде-жидер гIумру гьабиялъ- ул къагIида. Дагьаб цебегIан Загьра Гойгишиева дандчIвана гьезул цояй яц Зитагун ва гьезда гьоркьоб ккараб гара-чIвари бахъулеб буго гьаниб гьоркьехун.**



**– Зита, бокьилаан дурго гIумруялда ккараб, ракIалдаса унареб талихIаб лахIзаталъул бицани.**

– Гьединаблъун дие букIана 2012 сон. Дунги дир яц Гитаги рукIана сундасаго ракIбуссун, хIатта хвелгIаги тIаде бачIунебанищин кколаан. Амма 30 октябрялда, дун яцалъухъе щведал, дида гьелъухъ батана Аллагьасул хIакъалъулъ хъвараб тIехь. БитIараб бицани, дица гьеб гьира гьечIого босана кодобе, хал-шал гьабуна ва дун хIикмалъун хутIана гьадинал мухъал гьенир хъван ратидал: «РекIее рахIат щвезе бокьун батани, цIале Къуръан. РакI бечелъизе бокьун батани, цIале Къуръан», - абун. Гьеб параялъ дир чорхолъ цо кинабалиго хиса-баси ккана. Эбелалъухъеги ун дица гьелда гьарана гIараб мацI малъулев мугIалим валагьейилан. Гьелъ рагIи кьуна ниж мадрасалде рачине. Гьеб кьоялдаса нахъе нижер гIумру тIубанго хисанин абизе бегьула. Байбихьана Къуръан цIализе ва гьеб цIалулелъул цо гIажаибаб паралъи бачIунаан чорхолъе, гIумруялде бугеб лахIзаталъ куркьбал гьуна нижеда. Гьанжейин абуни, дицаги Гитацаги лъазабулеб буго гIараб мацI.

**– Лъица нужеда кверчIвалеб, лъица кумек гьабулеб?**

– Нижер буго цIакъ лъикIаб хъизан. Нижеда аскIоса кьурударо эбел. РакI-ракIалъулаб баркала буго нижее кумекалъе ратаралщиназе, захIматаб заманалда нижеда аскIор эхетаразе. Аллагьасул диналде юссиналде дица гIемер пикру гьабулаан щайдай Аллагьас ниж гьадиналлъун рижаралин абун. БичIчIулароан нижееги нижер эбелалъеги сундухъ гьаб гIазабгIакъуба кколеб бугебали.

БитIараб бицани, бокьун букIана хвезе ва эбелалъеги рахIат толароан щайин ниж гьадиналлъун гьаруралинги абун. Эбелалъин абуни, гIодилаго, жаваб кьолаан жинца щибин гьабилеб, жиндиеги бокьилаанин нуж сахаллъун рукIаралани. Гьелъ кидаго гьарулаан нижеда тIаса лъугьайилан. ГьабсагIаталдаги гьарула. Гьанжейин абуни нижеца гьелда гьарула тIаса лъугьайилан, абула гьаб бугин Аллагьас нилъер хIалбихьизе тIамураб унти. Аллагьасул рахIматалдалъун хвасар гьаруна ниж эбелалъ. Дие цIакъ йокьула дирго эбел. Гьейги Аллагьасде бугеб божилъиги – гьеле дир гIумруялъул талихI, магIна. Дир эбел йиго цIакъ хIеренай гIадан. Гьелъул рекIелъ чороклъиялъул асарго батиларин абизе кIола ракIчIун. Гьединлъидал, кие кканиги, щал дандчIваниги дица киназдаго абула къимат гьабейин улбузул, рикIкIалъугейин гьездаса, кигIанго цIакъ гьел мекъал ратаниги гьелгун дагIбадизе лъугьунгейин.

**– Эбелалъ гьарулел квеназда гьоркьоса дуе бищун щибха бокьулеб?**

– Лагман ва хинкIал.

**– Сундул хIакъалъулъ хъварал тIахьал цIалулел?**

– Аслияб куцалда цIалула исламияб литература. Хасго свалат-салам лъеяв МухIаммад аварагасул гIумруялъул хIакъалъулъ.

**– ГьитIинай жо йигеб мехалда дуца абулаан медиклъун яхъине бокьун бугин, гIадамазе кумек гьа- биялде юссине хиял бугин. Гьанже щиб махщелха духъ бугеб?**

– Дие цIакъ бокьула хьухьаризе.

**– Бихьулеб буго нуж кIиялго исламияб къагIидаялъ ретIа-къан рукIин. Зита, щибжо кколеб дуе хIижаб?**

– Дие бокьула кIаз чIвазе. Гьелъ берцин гьаюла чIужугIадан. Цоцоязул тавакал гIоларо ботIрода кIаз къазе, сверухъ ругезул рагIудаса хIинкъун. Амма гьединазул рагIудаса гуро хIинкъизе кколел, нилъ хьвадизе ккола БетIергьанас бихьизабураб къагIидаги цIунун. ХIинкъизе ккола ахираталъул рокъоре щведал букIунеб гIазабалдаса. ГIадатго, исламияб къагIидаялъ ретIа-къарай яс йихьидал рекIее хинаб асар гьабула, гьелде аскIое ине, гьелъулгун хабар бицине бокьула. Черх бахчун бугони, Божилъиялде бугеб къуват цIикIкIуна.

**– Сундулъха бугеб дур талихI?**

– ТалихI... Щибжо гьеб – талихI? Бугищ гьеб? Гьел суалал дица диего кьолаан 11 сон баралдаса нахъе. Гьанжейин абуни, дида ракIчIун абизе кIола талихI – гьеб бугин Аллагьасда божи; Къуръан цIализе лъай ва гьеб цогидазда малъизе щвей; Аллагьасул амруялда рекъон хьвади; ДугIа-алхIам цIалулаго рекIелъ букIунеб хинлъи. Гьеле унго- унгояб талихI. Цебе хвалил гурони пикруго гьабулеб букIун батичIони, гьанже дие бокьун буго гIумру гьабизе. Аллагь рехсезелъун гIумру гьабизе, дунго гIадиназе ва дидасаги захIмалъиялда ругезе кумек гьабизелъун гIумру гьабизе. Дица щибаб кьойил Аллагьасе рецц гьабула дие гIумру кьуралъухъ, биччанте букIине гьадинаб захIатаб, амма гьабги буго гIумру. Дица Аллагьасе рецц гьабула гьадинай гьайбатай эбел дие кьуралъухъ, гьайбатал ва лъикIал гьудул-гьалмагълъи дир букIиналъухъ. Дир ракIчIараб буго Аллагь ккурав Аллагьаси кколевлъиялда.

ХIабиб МУХIАММАДОВ
(«Ассалам» газеталдаса босараб)

*внимаию работодателей!*

## Журнал регистрации вводного инструктажа по охране труда

Одним из обязательных журналов в организации является Журнал регистрации вводного инструктажа по охране труда.

Все поступающие на работу до заключения трудового договора должны пройти вводный инструктаж по охране труда. Вводный инструктаж проводится со всеми вновь принимаемыми на работу независимо от их образования, стажа работы по данной профессии или должности, с временными работниками, командированными, учащимися и студентами, прибывшими на производственное обучение или практику.

Вводный инструктаж в организации проводит инженер по охране труда или лицо, на которое приказом по предприятию возложены эти обязанности. О проведении вводного инструктажа делается запись в журнале регистрации вводного инструктажа с обязательной подписью инструктируемого и инструктирующего.

Форму Журнала регистрации вводного инструктажа рекомендует ГОСТ 12.0.004-90«Организация обучения безопасности труда. Общие положения».

Журнал должен быть пронумерован, прошнурован, подписан лицом, ответственным за его ведение, и скреплен печатью организа-ции. Хранится в службе охраны труда.

### Журнал регистрации инструктажа по охране труда на рабочем месте

Проведение инструктажей на рабочем месте является одним из важнейших мероприятий по предупреждению производственного травматизма.

Инструктажи по охране труда на рабочем месте подразделяются:
- на первичный на рабочем месте;
- повторный;
- целевой;
- внеплановый.

**Первичный инструктаж** на рабочем месте проводится до начала работы с целью получения конкретных знаний для безопасного выполнения производственного задания

**Повторный инструктаж** на рабочем месте должен проводиться не реже одного раза в шесть месяцев, с работниками, обслуживающими оборудование повышенной опасности, — не реже 1 раза в 3 месяца.

**Внеплановый инструктаж** на рабочем месте проводят:
- при введении в действие новых или переработанных стандартов, правил, инструкций по охране труда;
- при изменении технологического процесса, замене или модернизации оборудования, приспособлений и инструмента, исходного сырья, материалов и других факторов, влияющих на безопасность труда №;
- при нарушении работниками требований охраны труда, если эти нарушения создали реальную угрозу наступления тяжких последствий (несчастный случай на производстве, авария и т.п.);
- по требованию должностных лиц органов государственного надзора и контроля;
- при перерывах в работе: для работ с вредными и (или) опасными условиями более 30 календарных дней, а для остальных работ — более 2 месяцев;
- по решению работодателя (или уполномоченного им лица). Целевой инструктаж на рабочем месте проводят при выполнении разовых работ, не связанных с прямыми обязанностями по специальности (погрузка, выгрузка, уборка территории, разовые работы вне предприятия, цеха и т.п.), ликвидации последствий аварий, стихийных бедствий и катастроф, производстве работ, на которые оформляется наряд-допуск, разрешение и другие документы, проведении экскурсий на предприятии. Организации массовых мероприятий с учащимися (экскурсии, походы, спортивные соревнования и др.). Целевой инструктаж с работниками, проводящими работы по наряду-допуску, разрешению и т.п., фиксируются в наряде-допуске или другом документе, разрешающем производство работ.

## Информация для руководителей учреждений, организаций и ИПБОЮЛ района

**В соответствии с абзацем 3 пункта 3 статьи 25 Закона Российской Федерации от 19 апреля 1991 г. № 1032-1 «О занятости населения в Российской Федерации» и подпунктом «б» пункта 2 Порядка ежемесячного представления работодателями сведений и информации в органы государственной службы занятости населения Республики Дагестан, утвержденного постановлением Правительства Республики Дагестан от 16 апреля 2014 г. № 165 (далее – Порядок), работодатели (организации независимо от их организационно-правовых форм и форм собственности и индивидуальные предприниматели) обязаны ежемесячно (не позднее последнего календарного дня текущего месяца) представлять органы государственной службы занятости населения Республики Дагестан информацию о наличии свободных рабочих мест и вакантных должностей (далее – информация о вакансиях).**

На основании представляемой работодателями информации о вакансиях формируется банк вакансий Республики Дагестан, являющийся региональным сегментом информационно-аналитической системы Общероссийская база вакансий «Работа в России» (далее – портал «Работа в России»), в соответствии с которым органы государственной службы занятости населения Республики Дагестан осуществляют деятельность по трудоустройству граждан. Портал «Работа в России» доступен по адресу в сети «Интернет»: www.trudvsem.ru.

Информацию о вакансиях работодатели или их уполномоченные представители могут предоставить лично при посещении органа государственной службы занятости населения Республики Дагестан, направить по почте, по электронной почте в виде электронных документов по форме, предусмотренной Порядком, или самостоятельно зарегистрироваться и разместить на портале «Работа в России».

При этом работодатель, ежемесячно размещающий информацию о вакансиях на портале «Работа в России» в соответствии с Правилами формирования, ведения и модернизации информационно-аналитической системы Общероссийская база вакансий «Работа в России», утвержденными постановлением Правительства Российской Федерации от 25 августа 2015 г. № 885, считается исполнившим требования абзаца 3 пункта 3 статьи 25 Закона Российской Федерации от 19 апреля 1991 г. № 1032-1 «О занятости населения в Российской Федерации» в части предоставления органам государственной службы занятости населения информации о вакансиях.

Кроме того, информация о вакансиях представляется работодателями также в случае фактического их отсутствия на отчетную дату по форме, предусмотренной Порядком (пустой бланк в части заполнения информации вакансий с указанием необходимых реквизитов, заверенных подписью и (или) печатью).

Вместе с тем, необходимо отметить, что при предоставлении работодателями информации о вакансиях органами государственной службы занятости населения Республики Дагестан также предоставляется государственная услуга по содействию работодателям в подборе необходимых работников.

Одновременно сообщаем, что за непредставление или несвоевременное представление информации о вакансиях в органы государственной службы занятости работодатели несут ответственность, предусмотренную статьей 19.7 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях.

В связи с изложенным и во избежание принятия мер административной ответственности, а также мер прокурорского реагирования, просим ежемесячно (не позднее последнего календарного дня текущего месяца) представлять информацию о наличии (отсутствии) вакансий в государственное казенное учреждение Республики Дагестан «Центр занятости населения в муниципальном образовании «Тляратинский район», либо зарегистрироваться на портале «Работа в России»(www.trudvsem.ru), и самостоятельно размещать на нем информацию о вакансиях.

Контактные данные ГКУ РД ЦЗН в МО «Тляратинский район»:
**РД, Тляратинский район**
**с. Тлярата.**
**89618326067, 89883026642, 89637967226**
Электроный Адрес;
**CZN-tlyar2@mail.ru**

**Директор ГКУ РД**
**ЦЗН в МО**
**«Тляратинский район»**
**А.Р.КУРБАНОВ**

*нильъер тIабигIат*



ЛъаратIа тIоцебесеб гIазу

## ИНФОРМАЦИЯ

### О проведении месячника профессиональной ориентации учащихся выпускных классов Тляратинской общеобразовательной средней школы «Выпускник – 2017»

В соответствии с приказом Министерства труда и социального развития РД о проведении месячника профессиональной ориентации учащихся выпускных классов общеобразовательных организаций «Выпускник- 2017» от 24 октября 2016 года № 12-911 среди учащихся в Тляратинской общеобразовательной средней школе с 10 ноября по 10 декабря 2016 года пройдет месячник профессиональной ориентации учащихся выпускных классов общеобразовательных организаций «Выпускник-2017» основными целями которого являются: обеспечение эффективной занятости молодежи из числа выпускников общеобразовательных организаций, оказание им содействия в профессиональном самоопределении, реализации индивидуального потенциала и ориентирования их на выбор профессий (специальностей), пользующихся перспективным спросом на рынке труда, патриотического воспитания молодежи, создание благоприятной среды для развития молодежного предпринимательства, развитие молодежной фантазии, противодействие наркомании, токсикомании, алкоголизму, профилактика безнадзорности и совершения правонарушений среди молодежи.

**Место проведения:** РД, Тляратинский район, сел.Тох-орда
9 декабрь 2016 год, 14 ч.00 м.

**Директор ГКУ РД в МО**
**«Тляратинский район»**
**КУРБАНОВ А.Р**

### ОБЪЯВЛЕНИЕ

Аттестат В 211407, выданный Кардибской СОШ в 1985 г **Тинамагомедову Шамилю Омаровичу**, утерян и считается недействительным

**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан
Тляратинский район,
с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 51372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать:
по графику: 19.00
фактически: 19.00 31.10.2016
Заказ ____________________